



PWEN ESANSYÈL PWOGRAM HAP

Objektif

Pwogram Asistans pou Moun vin Pwopriyete Kay MDEAT la (HAP oubyen MDEAT-HAP) fèt pou ogmante acha kay ke pwopriyete ki gen revni fèb rive modere ap viv ladan yo nan Konte Miami-Dade.

Mache yo sèvi

Moun ki ap achte kay ki gen revni trè fèb rive modere ki ap chèche yon rezidans prensipal nan konte Miami-Dade.

Poukisa HAP?

Avèk ogmantasyon kou ki gen rapò avèk acha kay, fon MDEAT-HAP yo ka itilize pou diminye premye vèsman ak/oswa kou dènye papyè yo lè w ap achte yon kay, sa ki fè li pi fasil pou moun ki vle achte kay la kalifye pou yon ipotèk.

Kijan sa fèt?

HAP itilize fon Taks Sipleman Dòkiman pou bay asistans pou premye vèsman ak/oswa asistans pou kou dènye papyè yo atravè yon prè ipotèk ki gen enterè 0%, ki pa amortize (san peman). Yo padone prè HAP la apre 20 ane kote pwopriyete a ap viv nan kay la san chanjman nan tit la. Yo bay asistans lan selon disponiblite fon, selon bezwen. Yo ka egzije Edikasyon pou achte kay atravè yon Ajans Konsèy Lojman (HCA) ki apwouve pou pretè ki chwazi maksimize finansman sibvansyon ak premye kreditè yo ak/oswa lòt pwogram lojman abòdab (layering). MDEAT-HAP rekòmande seryezman Edikasyon pou achte kay pou tout moun ki prete lajan.

- **Pou fwaye ki egal 80% oswa ki anba 80% revni medyan brit ajiste (AMI) pou Konte Miami-Dade (gade Limit Revni yo ak Tablo Finansman Otorize) –** Asistans maksimòm lan se \$28,000.00 avèk yon Prè-Konbine-Pou-Valè (CLTV) ki PA ka depase 105.00% (apati 17/11/2022).
- **Pou fwaye ki egal 80% oswa ki pi wo 80% revni medyan brit ajiste a (AMI) pou Konte Miami-Dade (gade Limit Revni yo ak Tablo Finansman Otorize a) –** Asistans maksimòm lan se \$14,000.00 avèk yon Prè-Konbine-Pou-Valè (CLTV) ki pa ka depase 105.00% (apati 17/11/2022).
 - *Rapò prè-konbine-a-valè (CLTV) an baze sou pri acha ki pi ba a ak valè evalyasyon a.*

Elijibilite moun ki ap fè dèt la (Mande enstitisyon ki bay Asistans pou Peman Premye Vèsman w lan (DPA) pou tout kondisyon ak detay)

- I. Li dwe viv nan pwopriyete ki elijib la nan Konte Miami-Dade apre acha/regleman an.
- II. Li dwe se yon achte kay ki elijib pou achte yon kay ki va viv ladan e ki gen yon revni fèb rive modere.
- III. Revni anyèl yon fwaye pa ka depase 140% AMI Konte Miami-Dade la, ajiste selon gwo sè fanmi an.
- IV. Rekòmande pou kontribye omwen 1% nan pridevant lan (revni 100% oswa mwens AMI) oswa 3% nan pridevant lan (revni 100.01-140% AMI) soti nan pwòp lajan moun ki ap prete a.
- V. Dwe resevwa finansman apwouve ki soti nan men yon kreditè ki gen lisans pou bay finansman ipotèk nan Eta Florid.

Elijibilite Pwopriyete

Nenpòt pwopriyete ki deja egziste, oswa nouvo pwopriyete, ki nan Konte Miami-Dade ap elijib. Li kapab yon mezon inifamilyal, yon mezon an ranje oswa yon kondominyòm. Inite ki gen de a kat fanmi pa elijib. Pwopriyete ke kreditè sezi, pwopriyete labank posede, ak "Short Sale" vant ap konsidere ka pa ka. Pwopriyete a dwe abita imedyatman.

Pri Acha Maksimòm

MDEAT-HAP Ilimite – Sijè sèlman a kalifikasyon prè kreditè ki gen lisans pou finansman ipotèk apati montan prè a Pwogram premye kreditè yo ka gen limitasyon sou pri acha ak/oswa ipotèk.

PATNÈ: HAP travay an patenarya avèk pwofesyonèl imobilye ak ipotèk, enstitisyon finansye, ajans konsèy sou lojman ak ajans ki nan kominote a. Ou ka konbine prè HAP yo (an kouch) avèk lòt ajans Konte Miami-Dade, minisipalite lokal, ajans Eta, ak sèten pwogram apwouve ki dezinye pou lojman abòdab.